

Vaksinasyon Pou Adilt



Bilten Sante

Alé sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi yo gratis.



Adilt yo Bezwen Vaksen Tou

- Chak ane plizyè milye adilt k ap viv nan New York tonbe malad – epi gen kèk ki menm mouri – ak maladi vaksen te kapab anpeche.



Influenza ak nemoni se toujou **twazyèm kòz prensipal lanmò** nan Vil New York.*

- Vaksen yo se youn nan fason ki gen mwens danje epi ki pi efikas pou pwoteje sante ou. Yo bese risk pou ou tonbe malad ak bay fanmi ou sèten maladi, epi yo kapab ede ou rete an sante.

Vaksen Nou Rekòmande yo

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC, Centers for Disease Control and Prevention) rekòmande plis pase 10 vaksen pou adilt yo selon laj yo ak faktè risk yo. Nan vaksen sa yo, li espesyalman enpòtan pou ou:



Pran vaksen kont grip la chak ane. Yo modifiye vaksen an chak ane pou pwoteje ou kont nouvo viris influenza yo.



Pran vaksen kont nemokoksik yo, si ou gen 65 kan oswa plis, oswa si ou gen sèten pwoblèm medikal. Vaksen sa yo pwoteje ou kont nemoni ak lòt maladi grav.



Pran yon vaksen kont zona pou pwoteje tèt ou kont zona, si ou gen 60 tan oswa plis.



Pran yon vaksen Tdap, si ou pa te pran youn lè ou te timoun, pou pwoteje tèt ou kont tetanòs, difteri, ak koklich (tous koklich). Fanm ansent yo bezwen yon dòz Tdap chak fwa yo ansent. Pran yon piki boustè Td chak 10 zan pou pwoteje ou kont tetanòs.

Kote yo Bay Vaksen

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou konsènan ki vaksen k ap bon pou ou. Ou kapab al pran vaksen nan klinik doktè ou ak plizyè lòt kote:



Ale nan famasi ki pi pre ou – anpil ladan yo ofri vaksen pou adilt.



Tcheke si travay ou ofri vaksen yo.



Ale nan klinik vaksinasyon Depatman Sante oswa nan yon klinik oswa lopital ki anba kontwòl Minisipalite Vil la.



Pou jwenn yon kote yo bay vaksen nan katye w, ale sou sitwèb **nyc.gov/health/map** oswa **nyc.gov/health/clinics**.

Konsève Dosye Vaksinasyon ou yo

Ou kapab bezwen sa pou lekòl oswa travay. Men kèk konsèy sou fason pou ou konsève dosye ou yo:

- Mande pwofesyonèl swen sante ou pou rapòte enfòmasyon vaksinasyon ou bay Rejis Vaksinasyon Depatman Sante pou tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR). CIR se yon fason sekirize pou pwofesyonèl swen sante yo jwenn aksè nan dosye vaksinasyon ou ak pataje li ak ou.
- Mande pwofesyonèl swen sante ou yon dosye vaksinasyon siyen. Fè pwofesyonèl swen sante ou mete dosye sa a ajou nenpòt lè ou pran yon vaksen.
- Sanble enfòmasyon sou vaksinasyon ou nan men paran ou, ansyen lekòl ak ansyen travay ou yo. Apresa travay ak pwofesyonèl swen sante ou pou kenbe dosye yo ajou.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale sou sitwèb [cdc.gov/vaccines/adults](https://www.cdc.gov/vaccines/adults)

Chèche yon Klinik ki Gratis oswa Bon Mache

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health/map](https://www.nyc.gov/health/map)
oswa [nyc.gov/health/clinics](https://www.nyc.gov/health/clinics)

Resevwa Dènye Bilten Sante

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health/pubs](https://www.nyc.gov/health/pubs)



Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.